10. Пахратдинов Ә. Роль назначения творчество народных шаиров в становлении и развитии каракалпакской советской литературе. –Нукус: «Каракалпакстан», 1976.
11. Пахратдинов Ә. Садық Нурымбетовтың творчестволық жоллары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1976.
12. Пахратдинов Ә. Халық шайырларында шайыршылықтың келип шығыў тарийхынан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.

**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада айтишув (айтыс) жанри ва унинг қорақалпоқ фольклорида адабий-мусиқий санъатининг алоҳида бир тури сифатида ўрганилади. Айтишув жанри импровизацияга асосланиб, шоирдан сўзга чечанлик, топқирлик, шоирлик маҳоратини талаб этади. Бу жанр сўз, мусиқа ва ҳаракат (актёрлик) санъатларини ўзида жамлаган синкретик белгиларини сақлаган импровизация санъати эканлиги ифодаланади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье жанр поговорки (айтыс) исследуется как особый вид литературно-музыкального искусства каракалпакского фольклора. Речевой жанр основан на импровизации и требует от поэта красноречия, изобретательности, поэтического мастерства. Этот жанр называют импровизационным искусством, сохраняющим синкретические черты слова, музыки и движения (актера).

**SUMMARY.** In this article, the genre of saying (aytys) is studied as a special type of literary and musical art of Karakalpak folklore. The speech genre is based on improvisation and requires eloquence, ingenuity, and poetic skill from the poet. This genre is said to be an improvisational art that preserves the syncretic features of words, music and movement (acting).

**УДК: 821.51**

## O.ÁBDIRAXMANOVTÍŃ SATIRALÍQ SHÍǴARMALARÍNDA OBRAZ JASAW SHEBERLIGI

**A.B.Seytbekov –** *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** yozuvchi, obraz, yumor, janr, adabiy turlar, satira, qissa, epik asar.
**Ключевые слова:** писатель, образ, юмор, жанр, литературный жанр, сатира, повесть, эпическое произведение.
**Key words:** writer, image. drama writer, janre, play, tragedy, stor, epic novel.

**Kirisiw.** Ana tiliniń qúdiretinen óz ornında qollanıw jazıwshı ushın úlken juwapkershilik esaplanadı. Sebebi, ana tilde bayanlanǵan dóretpede xalıq xarakteri sáwlelenedi. Ilimpaz Izzat Sulton pikiri menen aytqanda “Xarakter (obraz) málim bir dáwirge, ortalıqqa, kásipke, jınısqa kiriwshi insanǵa tán ózgesheliklerdi kórsetedi. Xarakterde jazıwshınıń adamlarǵa hám ómirge múnásibeti, turmıslıq hádiyselerge bergen estetikalıq bahası ashıq-aydın kórinedi. Xarakter avtordıń estetikalıq idealı tasıwshısıdur” [1:199].

Jazıwshı Orazbay Ábdiraxmanov basqalar tákirarlay almaytuǵın óz stiline, kórkem sóz qollanıw sheberligine, óz jolına iye dóretiwshi sıpatında belgili. O.Ábdiraxmanovtıń dóretpelerinde de obrazlar sonday janlı dóretilgen, obrazlardıń prototipleri óz ómirimizde de ushırap turatuǵınday seziledi.

**Tiykarǵı bólim.** Alpısınshı jılları óziniń tán qalarlıq timsalları menen ádebiyatimizǵa kirip kelgen Dáwlen Aytmuratovtıń satira janrındaǵı, ásirese, onıń sóz saylawdaǵı sheberligi, bálkim, Orazbay Ábdiraxmanovqa da órnek bolǵan bolsa itimal. Bir awız sóz benen-aq qaharmannıń obrazın ashıp taslaytuǵın sózler, sóylemler, Orazbay Ábdiraxmanovtıń gúrrińlerinde de ushırasadı.

Jazıwshınıń sóz saplaw boyınsha tapqırlıǵın derlik hár bir gúrrińinde ushıratıwǵa boladı. Onıń “Ósim keselligi” gúrrińinde burın kolxozda tabelshi bolıp isleytuǵın Qulmurat degen jigit sırttan oqıp, muǵallim boladı. Ol dáslepki sherekte sabaqtan durıslap bilmeytuǵın eki balaǵa tómen baha qoyadı. Biraq, onıń bul isiniń mektepti artqa tartıp turǵanı, sol sebepli direktordan esitken aqireti, bunı esine kirgizip qoyadı. Kelesi sherekte hámme bala tolıq úlgeredi hátte kereginen ziyat.

*..... Direktor sherektiń juwmaǵın kórip otırıp, Qulmuratqa alarıp bir qaradı.*

*- Minawıń ne, qosshim?*

*Bul iret barlıǵı tolıq úlgeredi, - dedi. Qulmurat direktordıń alǵısın kútip. Biraq, direktor túnerip:*

*- Neshe protsent?-*

*- Bir júz segiz*

*- Haw, qosshim-aw, basıń isleyma seniń?*

*Aytayiq, klassińda júz bala bar, solardıń bári klasstan – klassqa tolıq atladi deyik. Sonda neshe protsent boladi?*

*- Juz.*

*- Al, minawıń ne?*

*- Balalardıń arasinda bireń – sarańı qattiraq atlayma?*

Bunı oqıp otırıp oqıwshı óz – ózinen mırs etip kúlip jibergenin bilmey – aq qaladi. Sebebi, barqulla paxta tapsırıp, protsent joqarilaǵan sayın xoshemet esitip úyrenip qalǵan Qalmurat óziniń endi tábelshik emes, muǵallim ekenin umıtıp qoyadi [2:94]. Bul jerde jazıwshı qollanǵan gáp júdá bir “Shóp bastırılıp atırǵan” tań qalarlıq sóylem emes, al onıń kerek jerinde kim bolsa sonıń oyina kele bermeytuǵın jerinde qollanılıwı shıǵarmanıń qunın asırıp tur. Jazıwshı “Ósim keselligin” sóz etiw arqalı pútkil sanası qosıp jazıw menen uwlanıp qalǵan awıldan sada bir tábelshiginiń obrazın jasaǵan. Qulmurat usı jaǵınan Gogoldıń Plyushkinine, yaki bolmasa Chexovtıń qaplawlı adamına oǵada sáykes keledi.

Orazbay Ábdiraxmanovtıń obraz jasawdaǵı bunday usılı rus klassikleri A.P.Chexovtan, Gogoldan, Saltikov-Shedrinnen kóp oqıp hám úyrengenligin bildiredi. Bul dúnyada ázázúlden ótetuǵın sum joq. Lermontov ázázul dep haqıyqıy shaytandı sóz etse, O.Ábdiraxmanovtıń “ázazúli” de shaytannan qalıspaydı. Atları da uqsap kele qoyǵan, Áyten – shaytan!.

Ázel – ázelden “shaytannıń was – wasına kirgen”, “shaytan azdirǵan” degen gápler bar ekenligi málim.

Shaytannıń azǵırıǵına ermew ushın aldı menen adamda tereń aqıl-oy, basqaǵa tereń isenimli sezimleri bolıwı kerek. Átteń, bul qásiyetler dus kelgen adamnıń boyınan tabıla bermeydi. Sonlıqtan adamlardıń birazı turmısta qátelesedi, aljasadı, gápke kiredi nátiyjede buzıladı. Turmısta buzilip ketiw yaki aldanıw ushın artıqmash aqıl – parasattıń keregi joq. Onday adamlardı azǵırıwda ańsat boladı. Ǵarezli maqset turadı. Ol, dáslep ózi hayalı menen ajıraspaqshı ekenin aytıp:

*- Betin dalanıń samalinan basqa jan súymegen jabannıń qızın alaman, - dep kózin qızdırǵan boladı.*

*Ádette, qońsısı onıń gáplerine alip ushpaydi.*

*- Anaw hayalıń da jabannan emespe edi? – dep soraydi kerisinshe .*

*- Jabannan ǵoy, biraq, qalaǵa úyrenisip ketken. Áytenniń bul halına ári ashilǵan, ári kúlgisi kelgen jigit, keshikpey onıń ázázúllıgına erip, ózi de usı halǵa túsip qaladı. – Sizlerdiń qosilǵanıńızǵa neshe jil boldı? – dep soraydı. Bir kúni onnan, Áyten.*

*- Úsh jılday.*

*- Úsh jıl! - dep shorshıp tústi Áyten.*

*Seniń hayalıń biziń buringı shabazday qalaǵa úyrenisip ketken.*

*- Haw!*

*- Ne hawı bar? Keshe ǵana hayalıńnıń murti tap berip kiyatirǵan bir jigit penen júrgenin kórdim.*

*- Olla de.*

*- Olla! Inanbasań hayalıńnan sorap kór. Ol hayalınan sorap kórse, mekteptegi jetinshi klass balani batpaqqa jıǵılıp qalǵan jerinen tikeytip, úyine ákelgenin aytadı.*

Bul ázazúldiń gápine ergen jigittiń hayalınıń ajirasıwǵa sınıqqa sıltaw boladı. Álbette, oqıwshı buǵan isenbewi de múmkin. Bıraq, sum Áyten "házirgi waqıtta mektepte dirday jigitler oqıydı" dep pisirip aladı. Lekin, gáp onda da emes. Ázazúl onı basqa dóxmet penen de aytılıwı múmkin edi. Satirada ásirese bórttirip kórsetiw qaǵıydası boladı.

Jazıwshı "ázazúl" diń qaharmanınıń kelispegen sıltawı menen ajırastırıp jiberedi. Bundaǵı onıń aytajaǵı, turmıstan buzılıw, sózge eriw, ázázúldıń sózine aldanıw – arzımaǵan nárseniń ústinde júz beretug'ını edi. Bolmasa, haqıyqıy ázazul adam, basqalar túye aytıp otırǵan ózi de isengendey adam tawip ayta aladi Jazıwshınıń obraz jasawdaǵı sheberligi adam isenbeytuǵın yamasa iseniwge turmaytuǵın waqıya shıǵarma persenajın hám oqıwshını isendiriw bolıp tabıladı. Biz mısalımızdıń basında "hár qanday ázazúldiń kisini jaqın azǵırıwda ázeliy kózde tutqan g'arezli maqseti boladı". – degen edik. Sol aytqanday, Áytenniń maqseti de gurrińniń aqırında málim boldı. Onı qońsı, ózi jamanlaǵan qatın menen qoltıqlasıp úyine kiyatırǵanın, yaǵnıy oǵan úylenip alǵanın kóredi.

Jazıwshınıń "Qátere" [2] gúrrińiniń tili de joqarıdaǵıday ironiyalıq mánige tolıp atır.

*- Maratjaniń pıyaz ottay alam? – dep soraydı, muǵallim balasın oqıwǵa kirgiziwge qátere salıp kelgen qońsısı Danabayǵa.*

*- Áy qaydem…*

*- Yaqshı, onı da qoyıp turayıq. Ol pishen yaki boyan ora alama?*

*- Yaq.*

*- Salı túyekley ala ma?*

*- Yaq.*

*- Áynek-qapı soǵa ala ma?*

*- Onday qayda.*

*- Gerbish quya ala ma?*

*- Ilanazik ǵoy.*

*- Jay háklewdi bileme?*

*- Yaq.*

*- Bala jubatıwdı she?*

*- Jubatıp ne qıladı?*

Áne sadalıq! Men, aytayıq, imtixannan, "eplep jiber" degen muǵallimlerdiń birewi piyaz ekken boladı, birewi jay saladı, qullası….

Dáslep, oqıwshı bunday soraw-juwaplarǵa hayran qaları sózsiz, institut penen piyaz otaqtıń qanday baylanısı bolıwı múmkin. biziń jámáátimizde de usınday jaǵımsız illetler bar ekenligin hám jazıwshınıń bul hádiyseler ústinen ashshı kúlkisin túsinip jetedi. Jazıwshınıń obraz jasawdaǵı maqseti, ásirese, satiralıq shiǵarmalarda, tek oqıwshını qayıl qaldırıwdan ibarat emes, al, onıń jámiyettegi ayrım jaǵımsız illetlerden tazalawda payda beriwin názerde tutadı. Sebebi, bizge bir mırs kúlki bolıp túyilgeni menen gáp iyesin tabadı. Kimdur qátere etip oqıtqan balasın birewdiń pıyazın otap, ya jayınıń gerbishin quyǵan bolsa, bul gúrrińdi oqıǵan waqıtta onıń kewline dıq etip tiyeri sózsiz.

Avtordıń "Sumkadaǵı bilim" gurrińindegi Danabay obrazı da "Sırtı jıltıraq, ishi qaltıraq", sawatsız ilimpaz sımaqlardı kóz aldına keltiredi. Gúrrińdi oqıǵannan keyin, biz gurriń qaharmanı menen birge jasap atirǵanımızǵa anıq isenemiz hám jazıwshı dóretken ólmeytuǵın obraz kóz aldımızda keledi. Sebebi, bunday ilimpazsimaqlar keshede bolǵan, búgin de bar, erteń de bola beriwi múmkin.

*- Danabay aǵa, jol bolsın?*

*- Áy, Tashkentke barıp azımaz ilimiy jumıs islep hám emlenińkirep qaytpasam.*

*- Qashan jaqlaysiz?*

*- Amanlıq bolsa bes – on jılǵa shekem bolıp qalar.* [2]

Kelesi "bes – on jıl" da da ol pitpeytuǵın ilimiy jumıs, ol shın mánisine kelgende ol ulıwma joq nárse, bunı qaharmannıń ózi biledi. Bilgeni ushın ol gúrrińdegi personajdi shalǵıtıp, gápti basqa jaqqa burmalaydı.

*Aytpaqshı, usı kúnleri mına ózimizdiń dukanǵa qatıq salǵandı qoydıma deymen. Maǵan doktorlar shóllegen waqıtta tek ishiwdi buyırǵan edi…Ol sumkasın abaylap kóterip, ishindegi bilimin sińgirlatpastan júrip ketti.* [2. 108]

Álbette "sińgirlaytuǵın bilimniń" ne ekenin oqıwshınıń túsinip alıwı qıyın emes. Biraq, jazıwshı gurrińniń bastan-ayaǵına onıń sumkasinda bilim emes, qatıq shiysheler tolıp júretuǵının gurrińdegi personajdıń ózinen better sır saqlap keledi de, aqır ayaǵında tımsallı gáp penen bir aytıp qoyadı.

Usınday syujet jazıwshınıń "syujet satıladı" degen gúrrińine de ózek bolǵan. Onda dáslepki waqıtları jaslıq sezim menen bir-eki mayda gúrriń jazıp, ádebiyatqa

kirip qalǵan, “bóktergisinde júgi” joq (Yaǵniy, jazıwshınıń talantı joq) kimse náwbettegi shıǵarmasın qalay jazıwdiń esabın tappay qıynaladı. Negizinde náwbettegi shıǵarmasınıń ózi joq. Onıń baslı maqseti jazıwshı de pát kóterip júriw ushın, oqıwshılar onıń atın umıtıp ketpey turıp shıǵarma jazıp turıwı kerek. Biraq arjaǵında joq talant onı qayta qıynaydı. Haqıyqıy jazıwshılardı talant túni menen qálem tebrettirip qıynasa, joq talantlı hesh nárse shıǵara almay azap beredi. Oylanıp – oylanıp, hesh syujet tappaydı. Aqırı, sharshap uyqıǵa ketedi. Uyqıda adam neni oylasa sonı kóredi. Ol da túsinde “Syujet bazarına” jolıǵıp syujet satıp aladı. O zaman bu zamanǵa jazıwshıǵa syujet satqan bazar barma eken? Bul avtordı talantsız jazıwshı sımaqlardı ashshı kúlkige alıp, ajiwalaǵandaǵı tapqan eń jaqsı syujeti, eń kúshli obrazı edi.

**Juwmaq.** Ulıwma aytqanda Orazbay Ábdiraxmanov qaraqalpaq ádebiyatına óziniń ájayip dóretpeleri menen salmaqlı úles qosqan talantlı hám záberdes jazıwshı, onıń hár bir shıǵarması kórkemliligi menen ajıralıp turadı. Gúrrińleriniń tiliniń shireliligi, obraz jasawdaǵı ózine tán tárepleri arnawlı izertlewdi talap etedi.

**Ádebiyatlar**


1. Izzat Sultan “Adabiyot nazariyasi”. –Toshkent: «O‘qituvchi», 1980, 280-b.
2. Әбдирахманов О. Таңламалы шығармалар. –Ташкент: «Фан», 2009.
3. Әбдирахманов О. Аралым – дәртим мениң (эссе). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.



**REZYUME.** Maqolada O.Abdurahmonovning satirik asarlarida obraz yaratish mahoratini o‘rganishga alohida e’tibor qaratilgan. Xususan, obraz va xarakter masalasi yozuvchining hikoyalari asosida tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье основное внимание уделяется изучению мастерства создания образов в сатирических произведениях О.Абдурахманова. В частности, на примере рассказов писателя был проанализирован вопрос образа и характера.

**SUMMARY.** The article focuses on the study of O.Abdurahmonov’s skill in creating characters in his satirical works. In particular, the issue of image and character was analyzed based on the writer’s stories.